# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुइ दिन के दौरा पर प्रयागराज पहुंचलें। उहां के महाकुंभ नगर जिला के त्रिवेणी संगम पर महाकुंभ के तइयारियन क निरीक्षण कइलें। मुख्यमंत्री कई गो अखाड़न क दौरा कइलें अउर साधु–संत लोगिन के साथे मुलाकाति कइलें। उहां के डिजिटल महाकुंभ अनुभव केन्द्र क उद्घाटनों कइलें।

मुख्यमंत्री आजु देर संझा ले अउर बिहने दुपहरिया के बाद ले कई कार्यक्रम में हिस्सा लीहें। उहां के बिहने आकाशवाणी क बिसेस चैनल कुंभवाणी क सुभारम्भो करबि।

**********

उत्तर प्रदेस क अस्थाई जिला, महाकुंभ नगर में महाकुंभ दुइ हजार पचीस क तइयारी आखिरी फेरा में हौ। एगो रिपोर्ट–

***तेरह जनवरी से शुरू हो रहे सनातन संस्कृति के सबसे बड़े आयोजन महाकुंभ में 45 दिनों में करीब 45 करोड़ से अधिक श्रद्धालुओं के आने की उम्मीद है। भक्त आसानी से संगम में स्नान कर सकें, इसके लिए संगम क्षेत्र के प्रमुख घाटों को नए सिरे से विकसित किया गया है। मेला अधिकारी अभिनव पाठक ने बताया कि संगम तट पर गंगा और यमुना के किनारे सात पक्के घाट बनाए गए हैं। सभी घाटों पर चेंजिंग रूम बनाए गए है। हर घाट पर डमरु, त्रिशूल जैसे अलग–अलग प्रतीक चिन्ह लगाए गए हैं, ताकि घाटों को लोग आसानी से पहचान सकें। इसके अलावा लोगों की सुरक्षा के लिए वॉच टावर लगाए गए हैं। सुरक्षित स्नान के लिए वॉटर बैरिकेडिंग के साथ जल पुलिस को भी तैनात किया गया है। ओम अवस्थी, आकाशवाणी समाचार, लखनऊ।***

महाकुंभ सुचारू यातायात इंतिजामो बदे पुरहर तइयारी कइल गइल हौ। प्रयागराज जोन क अतिरिक्त पुलिस महानिदेसक भानु भास्कर काल्हि पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि मुख्य नहान तिउहार के एक दिन पहिलहीं से सहर अउर मेला क्षेत्र नो व्हीकल जोन रही। दुसरे सहरन से आवे वाले गाड़ियन के सहर के बहरे बनावल गइल पार्किंग जगहिये पर रोकि दीहल जाई।

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव काल्हि नई दिल्ली में महाकुंभ के समरपित आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के दुइ गो खास गीति क लोकार्पण कइलें। हमरे नई दिल्ली समाचार कक्ष क एगो रिपोर्ट–

***आकाशवाणी के लिए इस गीत को रतन प्रसन्ना ने गाया है और संगीत संतोष नाहर और रतन प्रसन्ना का है। दूरदर्शन द्वारा निर्मित इस शीर्षक गीत महाकुंभ है को पद्मश्री से सम्मानित कैलाश खेर ने गाया है। इस अवसर पर प्रसार भारती के अध्यक्ष नवनीत कुमार सहगल, मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी, आकाशवाणी की महानिदेशक डॉ. प्रज्ञा पालीवाल गौड़ और दूरदर्शन के महानिदेशक कंचन प्रसाद भी उपस्थित रहे। भूपेन्द्र और सुपर्णा की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से शक्ति सिंह।***

सूचना अउर प्रसारण मंत्री दुन्नो खास गीतिनि के अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम एक्स पर पोस्टो कइलें।

**********

प्रदेस क पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह बिहने गोरखपुर महोत्स्व क उद्घाटन करिहें। ई महोत्सव बारह जनौरी ले चली। गोरखपुर क मण्डलायुक्त अनिल ढींगरा अउर जिलाधिकारी कृष्णा करूणेश बतवलें कि महोत्सव क समापन प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। एहसे जुड़ल सिल्प मेला सोरह जनौरी ले चली। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि क एगो रिपोर्ट–

***रामगढ़ ताल के चंपा देवी पार्क में तीन दिन चलने वाले गोरखपुर महोत्सव में पहले दिन बॉलीवुड के कलाकार जुबिन नौटियाल अपने गानों से दर्शकों को आनंदित करेंगे। दूसरे दिन 11 जनवरी को भोजपुरी नाइट में वाराणसी के भोजपुरी कलाकार रितेश पांडे अपने सुरों की ताल ठोकेंगे। महोत्सव के समापन के दिन 12 जनवरी को सूफी गायक ऋचा शर्मा के गाने होंगे। आकाशवाणी समाचार के लिए, गिरीश नारायण चौबे गोरखपुर***

मेला में कई गो सांस्कृतिक अउर साहित्यिक गतिविधियन के अलावा हर जिला से एक जिला एक उत्पाद–ओडीओपी क परदरसनियो लगावल जाई।

**********

बेसहारा विधवा बियाह कइले पर दम्पत्ति के सरकार की ओरि से इग्यारह हजार रूपिया क प्रोत्साहन रासि दीहल जा रहल हौ। ई जनकारी कुशीनगर जिला क जिला प्रोबेसन अधिकारी शांत प्रकाश श्रीवास्तव दिहलें। उहां के बतवलीं कि महिला कल्याण विभाग के ओरि से पति के मउति के बाद बेसहारा महिलन के फेर से बियाह करे बदे प्रोत्साहन देवे खातिर ई खास योजना चलावल जा रहलि हौ। योजना क लाभ लेवे बदे अठारह से पैंतीस बरिस के उमिरि क बेसहारा विधवा से बियाह के एक सालि के भित्तर दम्पत्ति के आवेदन कइल जरूरी होई।

**********

प्रदेस में अबहिन कुहेसा क असर बनल रही। मौसम विज्ञान विभाग पूर्वानुमान जतवले हवे कि प्रदेस में अगिला चउबीस घंटा के बाद चारि दिन के भित्तर न्यूनतम तापमानो में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क धीरे–धीरे गिरावट होई। एहसे ठंडी बढ़ी। प्रदेस में बिहने कई जगहिनि पर घना कुहेसा रही। एकरे बाद राति में अउर भिन्नहीं के समय हल्लुक से ले के मध्यम कुहेसा क सम्भावना हौ। येह बिच्चे, गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में कुछु देर खातिर आजु घाम निकरल बाकिर गलन भरल ठंडी बनल हौ। पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलन में इग्यारह जनौरी के बरखो क सम्भावना हौ।

**********